



MAHU THIAM FALL

DÍMELO EN
WOLOF

DÍMELO EN WOLOF
WAX MA KO CI WOLOF

Mahu Thiam Fall

oozebap/les éditions madina



Dímelo en wolof

Una coedición entre oozebap y les éditions madina.

www.oozebap.org

Editora: M^a Ángeles Arregui Sierra

Diseño y maquetación: Carlos Chang

ISBN 00 000 0000 0

Depósito legal: xxxx

Impreso en Barcelona, 2012.

© Mahu Thiam Fall

mahufaal@yahoo.fr

Todos los derechos de traducción, de reproducción
y de adaptación reservados para todos los países.

índice

presentación

el alfabeto wolof

1. saludar	nuyu
2. presentar	xamale
3. la familia	njaboot gi
4. la casa	kêr gi
5. el día a día	bés bu nekk
6. el trabajo	liggéey bi
7. los lugares	barab yi
8. comprar y vender	jënd ak jaay
9. comer y beber	lekk ak naan
10. la salud	wér gu yaram

Dímelo en wolof. Conversación

La colección **Dímelo en wolof** pone a disposición de la comunidad lingüística hispana una serie de herramientas imprescindibles para quienes inician su contacto con el idioma wolof, la lengua oficial y mayoritaria de Senegal, que también se habla en Gambia y en zonas de Mali y Mauritania. Los wolofparlantes, a su vez, podrán beneficiarse de esta colección para fijar sus primeros conocimientos del español.

Dímelo en wolof comprende tres libros complementarios para el aprendizaje del wolof, uno de gramática, otro de vocabulario y otro de conversación, que es el que aquí se presenta.

Con este libro dedicado a la conversación se pretende ayudar al estudiante de wolof, o bien al wolofhablante, a comunicarse en las situaciones cotidianas más habituales. Por eso, este libro se ha dividido en diez temas que reflejan cinco conversaciones, cada una de las cuales incluye las frases y el vocabulario de uso habitual.

el alfabeto wolof

las letras

El alfabeto wolof cuenta con 29 letras: 9 vocales y 20 consonantes. Las letras h, v, z no existen en wolof.

las vocales
a à e é ë i o ó u

las consonantes
b c d f g j k l m n ñ ŋ p q r s t w x y

Todas las letras del wolof tienen el mismo valor fonético que las letras españolas, excepto cuatro vocales y siete consonantes.

vocales específicas

Las vocales específicas son: à, é, ë, ó.

à: es una “a” abierta, larga. Se escribe en lugar de doblar la “a” cuando la palabra tiene una “a” larga seguida de dos consonantes.

jàng (estudiar), *tànk* (pie), *jàmm*(paz).

é: es una “e” cerrada que se pronuncia entre la “a” y la “e”, parecida a la “e” francesa cerrada.

dégg (oír, entender), *démb* (ayer), *bés* (día)

ë: es como el sonido francés “eu” de las palabras como “je”, “de”, “te”, “me”.

bëgg (querer), *dëgg* (verdad), *jërëjër* (gracias)

ó: es como la “o” francesa cerrada de las palabras “eau”, “bateau”, “gateau”.

góor (el hombre), *fóot* (lavar la ropa), *wóor* (seguro)

consonantes específicas

Las consonantes específicas son: c, g, j, ŋ, x, q, y.

c: se pronuncia como la “ch” de “chico”.
ceeb (arroz), *caabi* (llave), *caat* (hijo menor)

g: se pronuncia siempre como “g” delante de “a”, “o”, “u”. No suena nunca como la jota.
ginaar (pollo), *gërëm* (agradecer), *gaaw* (rápido/a).

j: se pronuncia como la “y” seguida de vocal.
jabar (mujer), *jaay* (vender), *jàmbaar* (valiente).

ŋ: es el sonido final “ng” de las palabras de origen inglés “meeting”, “parking”.
Baŋ (taburete), *ŋaam* (mandíbula), *ŋaaŋ* (abrir la boca).

x: se pronuncia como la jota.
xale (niño), *xaalis* (dinero), *xorom*(sal).

q: se pronuncia como “g” seguida de jota.
xonq (rojo/a), *caq*(collar), *yàq* (estropear)

y: se pronuncia como “ll”. En wolof, la “ll” se lee doble l.
yaay (madre), *yoon* (camino), *yar* (educar).

las letras dobles

Todas las letras del alfabeto wolof se pueden doblar excepto cinco: à, ë, f, q, s.

Las vocales dobles son vocales largas.

fanaan (pasar la noche), *xool* (mirar), *kaar* (autobús)

Las consonantes dobles son también sonidos largos. Cuando están al final de la palabra, se pronuncian como si les añadieras las letras “a” o “ë” al final.

dëkk (ciudad), *tudd/tuddu* (llamarse), *jàpp* (agarrar)

los acentos

El acento abierto se pone en la “a”, sólo cuando es una “a” larga seguida de dos consonantes.

pàppa (papá), *jàppale* (ayudar/apoyar), *Yàlla* (Dios)

El acento cerrado se pone sólo en la “e” y en la “o” cuando tienen los sonidos de la “e” y la “o” francesas cerradas, como se ha dicho antes.

bég (contento), *fóon* (besar), *liggéey* (trabajar)

La diéresis se pone sólo en la “e” cuando tiene el sonido francés “eu”, como ya se ha dicho.

Bët (ojo), *bëñ* (diente), *ñëw* (venir)

las consonantes prenasales

Las consonantes prenasales son: mb, mp, nd, ng, nj, nc, nk, nt, nx, nq. Se pronuncian siempre juntas, nunca separadas.

mbedd (calle), *janq* (chica), *ngoon* (tarde).

tema 1 saludar

Por la mañana, dos chicas que viven en la misma casa se saludan:

Aram: ¡Buenos días!

Soda: ¡Buenos días, Aram!
¿Qué tal?

Aram: Muy bien. ¿Has dormido bien, Soda?

Soda: Sí, he dormido muy bien.

Por la mañana, Ali saluda a su vecina Rama:

Ali: ¡Hola, Rama! ¿Cómo va la mañana?

Rama: ¡Hola, Ali! Muy bien. ¿Cómo están tus hijos?

Ali: Están muy bien. ¿Cómo está tu padre?

Rama: Se encuentra bien, se ha ido a trabajar.

nuyu

Ci suba si, ñaari xale yu jigeen yu dëkk ci benn kër, ñu ngi nuyóo:

Aram: Salaamaalekum!

Soda: Maalekum salaam, Aram! Nan nga def?

Aram: Maa ngi fi rekk. Mbaa nelaw nga bu baax, Soda?

Soda: Waaw, nelaw naa bu baax.

Ci suba si, Ali mu ngi nuyu dëkkandóom Rama:

Ali: Nan nga def, Rama? Naka suba si?

Rama: Maa ngi fi, Ali. Jàmm rekk. Naka xale yi?

Ali: Ñu ngi ci jàmm. Naka sa pàppa?

Rama: Mu ngi ci sant, dafa dem ligeeyi.

Faatu charla con su amiga
Astu:

Faatu: ¡Buenas tardes!

Astu: ¡Buenas tardes,
Faatu! ¿Cómo has pasado el
día?

Faatu: Muy bien, gracias
a Dios. ¿Qué tal está tu
madre?

Astu: Está muy bien. Se ha
ido al mercado a comprar.

Awa, al volver del trabajo,
pasa delante de la casa de
tía Sali:

Awa: ¡Buenas tardes!
La familia: ¡Buenas tardes,
Awa!

Awa: ¿Cómo estáis?

Sali: Estamos bien. ¿Cómo
va el trabajo?

Awa: Tengo mucho trabajo
estos días. ¿Cómo está la
familia, tía?

Sali: Están todos muy bien.
Siéntate un poco,

Awa. ¿Cómo te encuen-
tras?

Faatu mu ngiy waxtaan
ak xaritam Astu:

Faatu: Salaamaalekum!

Astu: Maalekum salaam,
Faatu! Nan nga yendoo?

Faatu: Maa ngi sant bu
baax. Ana sa yaay?

Astu: Mu ngi ci jàmm.
Dafa dem marse nduggi.

Awa dafa wàcc ci lig-
géeyam, jaar ci buntu kër
tàntaam Sali:

Awa: Salaamaalekum!
Njaboot gi: Maalekum
salaam, Awa!

Awa: Nan ngeen def?

Sali: Ñu ngi fi rekk. Naka
liggéey bi nak?

Awa: Damaa bari ligeey
lool fan yii. Naka njaboot
gi nak, tànta?

Sali: Ñépp a ngi ci jàmm.
Toogal tuuti, Awa. Naka
yaram wi?

Awa: Estoy muy bien, tía.
¿Y mi tío, cómo está?

Sali: Todo bien, Awa. Vale,
hasta mañana entonces.
Dale recuerdos a la familia.

Awa: De tu parte. ¡Que pa-
séis buena noche!

Fàllu se encuentra por la
noche con su sobrino Abdu:

Fàllu: ¡Vaya! ¿Qué haces tú
por la calle a estas horas?

Abdu: ¡Buenas noches, tío!
Me envía mi hermano mayor
Saaliw.

Fàllu: ¿Y por qué tan tarde?
¿Qué tienes que hacer?

Abdu: Me ha enviado a
comprarle tabaco, y el estan-
co de nuestro barrio está
cerrado.

Fàllu: Vale. ¿Cómo están
tus padres?

Abdu: Mi madre está bien,
pero a mi padre hace dos
días que le duele la espalda.

Fàllu: Bueno, dale recu-
erdos de mi parte. Dile a
tu padre que iré a visitarlo
mañana por la tarde.

Awa: Jàmm rekk, tànta.
Sama nijaay nak, nan la def?
Sali: Lépp jàmm la, Awa.
Baax na, kon ba suba. Nuyul
ma njaboot ga.
Awa: Dinañu ko dégg. Fa-
naan leen ak jàmm!

Fàllu dafa daje ci guddi gi ak
jarbaatam Abdu:

Fàllu: Waaw! Yow lan ngay
def ci mbedd mi waxtu wii?

Abdu: Salaamaalekum, ni-
jaay! Sama mag Saaliw moo
ma yónni.

Fàllu: Lu tax mu lay yónni
waxtu wi? Lan la la yónni?

Abdu: Dafa ma yónni ngir
ma jëndal ko sigaret, te sunu
bitigu koñ dafa tëj.

Fàllu: Baax na. Naka sa
pàppa ak sa yaay?

Abdu: Sama yaay mu ngi ci
jàmm, waaye sama pàppa
digg-ginnawam dafay metti
am na ñaari fan.

Fàllu: Baax na, nuyul ma
leen. Waxal sa pàppa ni
ko dinaa ko seetsi suba ci
ngoon.

los días de la semana

¿qué día es hoy?

Lunes
Martes
Miércoles
Jueves
Viernes
Sábado
Domingo

Año
Mes
Semana
Hoy
Mañana
Pasado mañana
Ayer
Antes de ayer

El lunes, martes, viernes próximo

El pasado miércoles, jueves
La semana pasada, próxima
El mes pasado, próximo

El año pasado
El próximo año
El año nuevo
Feliz año nuevo/a ti también

bés yi ci sēmen bi

tey ban bes la?

Altine
Talaata
Àllarba
Alxames
Àjjuma
Samdi/ gaawu
Dimaas/dibээр

At
Weer
Ayubés /sēmen
Tey
Suba/subë/ëllëg
Ginnaaw suba
Démb
Bërki-démb

Altine, talaata, àjjuma bii di
ñëw
Àllarba, alxamis bii weesu
Sēmen bii weesu, bii di ñëw
Weer wii weesu, weer wii di
ñëw
At mii weesu/daaw
At mii di ñëw/dewén
At mu bees miv
Dewénati/nañu fekke dewén

los números

0	cero
1	un, uno, una
2	dos
3	tres
4	cuatro
5	cinco
6	seis
7	siete
8	ocho
9	nueve
10	diez
11	onze
12	doce
13	trece
14	catorce
15	quince
16	dieciseis
17	diecisiete
18	dieciocho

lim yi

tus, dara
benn
ñaar
ñett
ñent
juróom
juróom benn
juróom ñaar
juróom ñett
juróom ñent
fukk
fukk ak benn
fukk ak ñaar
fukk ak ñett
fukk ak ñent
fukk ak juróom
fukk ak juróom benn
fukk ak juróom ñaar
fukk ak juróom ñett

19	diecinueve
20	veinte
30	treinta
40	cuarenta
50	cincuenta
60	sesenta
70	setenta
80	ochenta
90	noventa
100	cien
200	doscientos
500	quinientos
1.000	mil
3.000	tres mil
10.000	diez mil
50.000	cincuenta mil
100.000	cien mil
500.000	quinientos mil
1.000.000	un millón

fukk ak juróom ñent
ñaar fukk
fan weer
ñent fukk
juróom fukk
juróom benn fukk
juróom ñaar fukk
juróom ñett fukk
juróom ñent fukk
téeméer
ñaari téeméer
juróomi téeméer
junni
ñetti junni
fukki junni
juróom-fukki junni
téeméeri junni
juróomi téeméeri junni
junniy junni/ milyoŋ

tema 2 presentar

Dos jóvenes africanos se encuentran en la Rambla:

Buuba: ¡Hola! Soy Buuba. Y tú, ¿cómo te llamas?

Amina: Me llamo Amina. Soy senegalesa. ¿De dónde eres tú?

Buuba: Soy de Gambia. ¿Vives aquí?

Amina: Sí, vivo aquí en Barcelona.

Asan presenta a su padre a una de sus amigas de Barcelona:

Asan: Eli, éste es mi padre. Papá, ésta es mi amiga Eli, que viene de Barcelona.

Eli: ¡Buenos días, señor! ¿Qué tal está usted?

Padre: Muy bien. ¿Cuándo has llegado?

Eli: Llegué ayer por la tarde.

Padre: ¿Es tu primer viaje a Senegal?

Eli: Sí, lo es. Estoy muy contenta de haber venido a Senegal.

xamale

Ñaari xale yu dëkk Afrik ñoo tase ci Rambla bi:

Buuba: Nu mu deme nak? Man Buuba laa tuddu. Yow noo tuddu?

Amina: Maa ngi tuddu Amina. Waa Senegaal laa. Yow nak, waa fan nga?

Buuba: Waa Gàmbi laa. Fii nga dëkk?

Amina: Waaw, fii ci Barcelona laa dëkk.

Asan mu ngi xamale ak pàppaam benn xaritam bu jóge Barcelona:

Asan: Eli, kii mooy sama pàppa. Pàppa, kii mooy sama xarit Eli, moo jóge Barcelona.

Eli: Salaamaalekum, sèriñ bi! Nan ngeen def?

Pàppa ji: Ñu ngi sant. Kañ nga egsi?

Eli: Egsi naa démb ci ngoon. Pàppa ji: Bii mooy sa yoon bu njëkk ci Senegaal?

Eli: Waaw, moom la kay. Kontaan naa lool ci ñëw fii ci Senegaal.

Amet ve a una chica y le pregunta:

Amet: ¿Tú eres Astu?

Astu: No, no soy yo. Me llamo Fatma. Y tú, ¿quién eres?

Amet: Yo me llamo Amet. Perdóname.

Astu: No importa.

Lamin pasea por la calle con su mujer y se encuentran con Amadu:

Lamin: Amadu, ¿conoces a Faatu?

Amadu: No, no nos conocemos.

Lamin: Es mi esposa. Faatu, Amadu es un compañero de trabajo.

Faatu: ¿Qué tal estás, Amadu?

Amadu: Bien. Encantado de conocerte Faatu.

Faatu: Igualmente.

Amet dafa gis ab janq, mu laaj ko:

Amet: Yow yaay Astu?

Astu: Déedéet, du man de. Fatma laa tuddu. Yow nak yaay kan?

Amet: Amet laa tuddu. Nga baal ma de.

Astu: Amul benn solo.

Lamin dafay doxantu ci mbedd mi ak jabaram, ñu daje ak Amadu:

Lamin: Amadu, xam nga Faatu?

Amadu: Déedéet, xamantewuñu de.

Lamin: Mooy sama soxna. Faatu, Amadu ñoo bokk fu ñuy ligeeye.

Faatu: Naka nga def, Amadu?

Amadu: Maa ngi fi rekk. Kontaan naa lool ci xamante ak yow Faatu.

Faatu: Man tamit kontaan naa ci.

Modu ve a una chica que le gusta y quiere hablar con ella:

Modu: ¡Hola guapa! ¿Cómo te llamas?

Kumba: Kumba. ¿Cómo te llamas tú?

Modu: Yo me llamo Modu. ¿Te puedo hacer una pregunta? ¿Tienes marido?

Kumba: ¡Oh! No, no tengo marido. Y tú, ¿tienes mujer?

Modu: No, soy soltero. ¿En qué barrio vives?

Kumba: Vivo en el barrio de Medina, cerca del mercado Tilleen.

Modu: ¿Me puedes dar tu teléfono?

Kumba: Sí. Mi número es el 778904563.

Modu: Te llamaré uno de estos días para quedar.

Kumba: Vale, espero tu llamada.

Modu dafa gis ab xale bu jigeen bu ko neex, mu bëgg a wax ak moom:

Modu: Janq bu rafet, nu mu deme? Noo tuddu?

Kumba: Kumba. Noo tuddu yow?

Modu: Modu laa tuddu. Nga baal ma de, ndax am nga jëkkër?

Kumba: Oh ! Déedéet, amuma jëkkër. Yow nak, am nga jabar?

Modu: Déedéet, selibateer laa. Ban koñ nga dëkk?

Kumba: Maa ngi dëkk koñu Medina, ci wetu marse Tilleen.

Modu: Ndax mën nga ma jox sa telefon?

Kumba: Waaw. Sama nimeru mooy 778904563.

Modu: Dinaa la woo ci fan yii ngir ñu gise.

Kumba: Baax na, maa ngi xaar sa woote.

información personal

¿De dónde eres?

Soy español.

Soy senegalés pero vivo en Barcelona.

Es de Dakar.

¿Eres de Mali, verdad?

¿Dónde vives?

Vivo en Madrid.

¿Dónde vivís en Senegal?

¿En qué barrio vives?

Vivimos en el barrio de Medina.

¿En qué calle vives?

¿Tienes móvil?

¿Cuál es tu número de teléfono?

¿Cuántos años tienes?

Tengo veinte años.

¿Tienes hijos?

Sí, tengo dos hijos: un niño y una niña.

¿A qué te dedicas?

¿Estudias o trabajas?

xamale sa bopp

Waa fan nga?

Waa Espaañ laa.

Waa Senegaal laa waaye Barcelona laa dëkk.

Waa Ndakaaru la.

Du waa Mali nga?

Fan nga dëkk?

Maa ngi dëkk Madrid.

Fan ngeen dëkk ci Senegaal?

Ban koñ nga dëkk?

Ñu ngi dëkk koñu Medina.

Ci ban mbedd nga dëkk?

Ndax yor nga portaabal?

Lan mooy sa nimeru telefon?

Ñaata at nga am?

Am naa ñaar-fukki at.

Ndax am nga doom?

Waaw, am naa ñaari doom: kenn ku góor ak kenn ku jigeen.

Ci lan ngay yëngëtu?

Dangay jàng wala dangay liggéey?

nombres y apellidos**mujeres****jigeen**

Awa
Adama
Astu
Aysatu
Ayda
Aysha
Ami
Aminata
Anta
Faatu
Fatma
Rama
Sali
Salimata
Sooda
Mareem
Maryaama
Xadi
Roxaya
Daba
Kumba
Aji
May
Maymuna
Seynabu
Nabu
Absa
Daaro
Ndey
Ummi
Sukeyna
Sofiyatu
Amsatu
Aram

hombres**góor**

Amadu
Amdi
Ablaay
Abdulaay
Abdu
Abiib
Asan
Baaba
Baabakar
Baara
Badara
Bas
Basiiru
Bàmba
Lamin
Modu
Mamadu
Maas
Mèysa
Maalik
Yuusuf
Yuusufa
Maxtaar
Ibrayima
Sheex
Usmaan
Omar
Aas
Allaaji
Amet
Saaliw
Mustafaa
Tafaa
Fàllu

ay tur ak ay sant**apellidos****sant**

Njaay
Jóob
Faal
Jaañ
Sàll
Sekk
Sàmb
Silla
Mbay
Mbuub
Si
Siis
Siise
Laam
Jéey
Jiite
Ñass
Jeŋ
Ngom
Màngaan
Gay
Ñaŋ
Jaxate
Lóo
Ndaw
Caam
Caw
Mbeng
Taal
Mbac
Siin
Fay
Jenn
Kànji

tema 3 la familia

Asiis enseña una foto de su familia a su amiga Laura:

Asiis: Mira, éste del centro es mi padre. Esta chica a su derecha es Awa, mi hermana pequeña.

Laura: ¿Y éste, quién es?

Asiis: Es mi primo Abdullaay.

Laura: ¡Qué guapo es!
¿Está casado?

Asiis: No, es soltero, pero tiene una novia muy guapa.

El teléfono suena:

Ayda: ¡Diga!

Lisa: ¡Buenos días! ¿Está Omar?

Ayda: ¿Quién llama?

Lisa: Soy yo, Lisa.

Ayda: ¡Ah! ¿Cómo estás, Liisa? Espera, ahora se pone.

Lisa: ¡Gracias, Ayda!

njaboot gi

Asiis mu ngiy won xaritam Laura ab foto bu njabootam nekk:

Asiis: Xoolal, kii ci digg bi mooy sama pàppa. Xale bu jigeen bii ci ndeyjooram mooy Awa, sama rakk bu jigeen.

Laura: Kii nak mooy kan?

Asiis: Mooy sama doomu nijaay Abdullaay.

Laura: A ka rafet! Ndax mu ngi sëy?

Asiis: Déedéet, selibateer la, waaye am na xale bu jigeen bu muy génnal bu rafet lool.

Telefon bi dafa sone:

Ayda: Alóo!

Lisa: Salaamaalikum! Ndax Omar a ngi fi?

Ayda: Kooku kan la?

Lisa: Man la Lisa.

Ayda: Aan! Nan nga def, Lisa? Xaaral, mu ngi ñëw.

Lisa: Jërëjëf, Ayda!

Una mujer, Faatim, se dirige a una chica:

Faatim: Perdona, ¿eres tú la hija de Mareem?

Ndey: No, no soy yo. ¿No será aquella chica?

Faatim: ¿Cuál? ¿La de piel más clara o la más oscura?

Ndey: La de piel más clara.

Faatim: ¡Gracias, guapa!

Llaman a la puerta de la casa de Anta:

Anta: ¡Galas, abre! Será tu tío Lamin.

Galas: ¡Sí, ya abro yo! No madre, no es el tío Lamin, es Baabakar, mi amigo.

Anta: ¿Cómo estás, Baabakar?

Baabakar: Estoy bien, tía. Galas, vamos a jugar al fútbol.

Galas: Espera que coja mis bambas... Vamos. Mamá, volveré pronto.

Jigeeen ju tuddu Faatim mu ngi jëm ci ab xale bu jigeeen:

Faatim: Nga baal ma, yow yaay doomu Mareem?

Ndey: Déedéet, du man de. Ndax du xale bu jigeeen bële?

Faatimi: Kan ci? Ku xees ki wala ku ñuul ki?

Ndey: Ku xees ki.

Faatim: Jërëjëf, sama doom!

Dañoo fëgg ci buntu kër Anta:

Anta: Galas, ubbil! Sa nijaay Lamin la war a nekk

Galas: Waaw, maa ngi tijji! Déedéet yaay, du sama nijaay Lamin, Baabakar la, sama xarit.

Anta: Naka nga def, Baabakar?

Baabakar: Maa ngi fi rekk, tànta. Galas, ñu dem futbali.

Galas: Xaaral ma jël samay dàll... Ñu dem. Yaay, maa ngi ñëw leegi.

Vuelve a sonar el teléfono y lo coge Iba:

Iba: ¡Dígame!

Yatma: ¡Hola! Quería hablar con Musaa.

Iba: ¿Quién lo llama?

Yatma: Soy Yatma.

Iba: ¿Yatma? Creo que te has equivocado.

Yatma: ¡Ah, perdone!

¿Musaa no vive ahí?

Iba: No, aquí no vive nadie que se llame así.

Yatma: Entonces me he confundido de teléfono. Lo siento.

Iba: ¡Oh!, no tiene importancia.

Telefon bi dafa sonewaat, Iba jël ko:

Iba: Salaamaalekum!

Yatma: Maalikum salaam! Dama bëggoon a wax ak Musaa.

Iba: Yow yaay kan?

Yatma: Man la Yatma.

Iba: Yatma? Dama yaakaar ni dangaa juum de.

Yatma: Aan! Baal leen ma de. Musaa dëkkul foofu?

Iba: Déedéet, kër gii, amul kenn ku tuddu noonu.

Yatma: Kon de, damaa jaawale telefon yi. Maa ngi jéglu.

Iba: Ah! Amul benn solo.

los miembros de la familia

padre

madre

hijo/hija

hijo/hija mayor

hijo/hija menor

primo/prima maternal

primo/prima paternal

sobrino/sobrina

abuelo/abuela

hermano/hermana mayor

hermano/hermana menor

marido/esposo

mujer/esposa

nieto/nieta

amigo/amiga

vecino/vecina

ñi bokk ci njaboot gi

pàppa, baay

yaay, ndey

doom ju góor/ju jigeen

taaw bu góor/bu jigeen

caat mu góor/mu jigeen

doomu tànta/doomu ndey

doomu bàjjen/doomu baay

jarbaat bu góor/bu jigeen

maam ju góor/ju jigeen

mag ju góor/ju jigeen

rakk ju góor/ju jigeen

sëriñ/boroom kër/jëkkër

soxna/jabar

sët bu góor/bu jigeen

xarit bu góor/bu jigeen

dëkkandoo

¿cómo es?

Es alto/alta

es bajo/baja

soy joven/eres joven/es
joven

es adulto

eres viejo/vieja

soy delgado

es gordo/gorda

eres moreno/morena

es guapo/guapa

eres simpático/simpática

es amable

soy inteligente

eres tonto/tonta

es serio/seria

eres antipático

es gracioso/graciosa

nan la mel?

dafa njool

dafa gàtt

xale laa/nga/la

mag la

màgget nga

damaa tuuti

dafa am yaram/dafa rëy/dafa
ngand
nit ku ñuul nga

dafa rafet

dangaa baax

dafa baax

damaa am xel/damaa yewwu

dangaa ñàkk xel/dangaa
dofe

dafa am fullë

dangaa naxari deret

dafa reetaanlu/dafa saf xo-
rom

eres feo/fea

tengo los ojos negros
/marrones

tiene el pelo corto/largo

tengo barba/bigote

dangaa ñaaw

bët yu ñuul/yu maroŋ laa am

karaw gu gàtt/gu gudd la am

damaa am sikkim/mustaas

tema 4 la casa

Quedar en casa:

Ami: Faatima, ¿quieres venir a mi casa a jugar?

Faatima: Sí, ¿dónde vives?

Ami: En la plaza Mayor, número 3.

Faatima: ¿En qué barrio está?

Ami: En el barrio de Lavapiés. Está muy cerca de aquí. Bajas por esa calle, giras a la izquierda y verás una farmacia. Mi casa es la que está al lado de la farmacia.

Usmaan coge un taxi en Alicante:

Taxista: ¡Buenas tardes, señor!

Usmaan: ¡Buenas tardes!

Taxista: ¿Adónde va usted?

Usmaan: Voy a la plaza de España, número 7.

Taxista: Bien, giraré a la derecha.

Usmaan: No, mejor gire a la izquierda, llegaremos antes ¿Qué tal va el trabajo?

kër gi

Ñu daje sama kër:

Ami: Faatima, ndax bëgg nga ñëw sama kër ñu fo?

Faatima: Waawaaw, fan nga dëkk?

Ami: Ci palaasu Mayor, nimeru 3.

Faatima: Ci ban koñ la nekk?

Ami: Ci koñu Lavapiés. Jege na fii lool. Dangay wàcc mbedd mi, jàdd ci sa càmmooñ, dinga gis ab farmasi. Kër gaa ngi nekk ci wetu farmasi boobu.

Usmaan dafa jël taxi ci Alicante:

Boroom taxi bi: Sa-laamaalekum, sëriñ bi!

Usmaan: Maalikum sa-laam!

Boroom taxi bi: Fan ngeen di dem?

Usmaan: Maa ngi dem ci palaasu Espaañ, nimeru 7.

Taximaan bi: Baax na, kon naa jàdd ci sama ndey-joor .

Usmaan: Déedéet, ci sa càmmooñ moo gën, dinañu gaaw a egg. Naka ligeey bi nak?

Taxista: Muy bien, gracias a Dios.

Juan charla con Elena:

Juan: ¿Vives en una casa o en un apartamento?

Elena: Vivo en un apartamento que está en el centro de la ciudad.

Juan: ¿Vives sola?

Elena: No, vivo con mi pareja y mi primo.

Juan: ¿Cuántas habitaciones tiene tu piso?

Elena: Tiene dos dormitorios, un salón, una cocina, un cuarto de baño y un estudio.

Awa pregunta a Faama sobre su piso:

Awa: ¿Cómo es tu piso?

Faama: Mi piso es muy grande porque tiene cuatro habitaciones.

Awa: ¿Qué muebles tiene el salón?

Faama: El salón tiene un sofá, una mesa con sillas, una televisión, una lámpara y dos macetas.

Taximaan bi: Mu ngi dox, maa ngi sant Yàlla.

Juan mu ngi waxtaan ak Elena:

Juan: Ci kër nga dëkk wala ci apartamanj?

Elena: Maa ngi dëkk ci ab apartamanj bu nekk ci diggu dëkk bi.

Juan: Yow rekk yaa dëkk?

Elena: Deedeet, maa ngi dëkk ak sama jëkkër ak sama doomu nijaay.

Juan: Ñaata néeg la sa kër am?

Elena: Am na ñaari néeg, saal, waañ, wanag ak sangu-kaay ak ab barabu liggéeyu-kaay.

Awa mu ngi laaj Faama ci lu jëm ci kër am:

Awa: Nan la sa kër mel?

Faama: Sama kër rëy na lool ndaxte am na ñenti néeg.

Awa: Yan mëebal ñoo nekk ci saal ba?

Faama: Saal ba am na ka-naape, ab taabal ak ay siis, ab tele, ab làmp ak ñaari fulëer.

Awa: ¿Me invitarás a tu casa?

Faama: Claro, siempre estás invitada, puedes venir cuando quieras.

Tres amigos charlan a la salida del trabajo:

Omar: ¿Dónde iremos a tomar el té hoy?

Aadama: Vamos a mi casa. Seynabu: ¡Huy!, no, tu casa está muy lejos.

Omar: Pues entonces, a mi casa, que está más cerca.

Aadama: ¿Dónde vives ahora? ¿Te has trasladado?

Omar: Sí, nos hemos mudado estos días. Mi nueva casa está al lado del mercado Sàndaga.

Seynabu: ¿Cuánto tiempo tardaremos en llegar?

Omar: Llegaremos en unos diez minutos.

Awa: Ndax dinga ma inwite sa kër?

Faama: Waawaaw, saa yu la neexeee, mën nga ñëw saa yoo bëggee.

Ñeeti xarit ñu ngi waxtaan bi ñu wàccee liggéey:

Omar: Téy, fan lañuy naaneji attaaya?

Aadama: Nañu dem sama kër!

Seynabu: Wuuu! Déedéet, sa kër dafa sori lool.

Omar: Kon, ñu dem sama kër man, moo gën a jege.

Aadama: Fan nga dëkk leegi? Dangaa toxu?

Omar: Waaw, dañoo toxu ci fan yii. Sama kër gu bees gi mu ngi nekk ci wetu marse Sàndaga.

Seynabu: Ci ñaata minit lañu fay yegg?

Omar: Ñu ngi egg ci fukki minit rekk.

¿dónde estamos?

Encima de

Delante de

Entre

A la izquierda de

A la derecha de

Debajo de

Dentro de

Al lado de

Enfrente

Junto a

En el centro de

Detrás de

fan lañu nekk?

ci kaw

ci kanamu

ci diggante

ci càmmooñu

ci ndeyjooru

ci suufu

ci biir

ci wetu

jàkkarloo ak

taqaloo ak

ci diggu

ci ginaawu

partes de la casa

El garaje

El ascensor

La terraza

El aireacondicionado

El sofá

El frigorífico

La bañera

La ducha

El lavabo

La escalera

La cama

La mesilla

El armario

Las estanterías

La lámpara

barab yi ci kër gi

gaaraas bi

asaansëer bi

teeraas bi

kilimatisëer bi

kanaape bi

filisideer bi

beñuwaaru sangukaay bi

sangukaay bi

duus bi/wanag wi

eskaliyee bi

lal bi

taabal ju ndaw ji

armoor bi

komood yi

làmp bi

El sillón

El dormitorio

El comedor

La cocina

El salón

El estudio

El cuarto de baño

La silla

La sala de estar

La ventana

La puerta

La mesa

La lavadora

El espejo

La alfombra

La calefacción

siis bu ndaw bi

néeg bi

barabu lekkukaay bi

waañ wi

saal bi

barabu liggéeyukaay bi

duus ak sangukaay bi

siis bi

saal bi

polonteer bi

bunt bi

taabal ji

masinu fóotukaay bi

seetu bi

moket bi

sófaas bi

tema 5 el día a día

Dos jóvenes se encuentran en la calle:

Amdi: Perdona un momento, ¿tienes hora?

Fànta: Sí, son las diez menos cuarto.

Amdi: Muchas gracias.

Fànta: De nada.

Rama, Saaliw y Abdu se preparan para ir al cine:

Rama: ¿Sabéis a qué hora empieza la película?

Saaliw: A las nueve y media. De aquí a dos horas.

Abdu: ¿Cuándo saldremos?

Saaliw: Enseguida, es mejor llegar antes de que haya cola.

Rama: Así nos sentaremos en mejor sitio.

bés bu nekk

Ñaari ndaw ñoo daje ci mbedd mi:

Amdi: Nga baal ma de, ban waxtu moo jot?

Fànta: Fukki waxtu des na fukki minit ak juróom.

Amdi: Jërējëf.

Fànta: Du dara.

Rama, Saaliw ak Abdu ñu ngi waaj a dem sinemaa:

Rama: Ndax xam ngeen ban waxtu la film bi di tàmbali?

Saaliw: Juróom ñenti waxtu ak genn wàll. Fii ak ñaari waxtu.

Abdu: Kañ lañuy dem nak?

Saaliw: Leegi rekk, li gën mooy ñu yegg laata muy am raŋ.

Rama: Kon de dinañu mën a am palaas yu baax.

Soxna pregunta a su amigo Mamadu lo que hace cada día:

Soxna: Mamadu, ¿a qué hora te levantas?

Mamadu: A las ocho.

Soxna: ¿Comes en casa?

Mamadu: No, como en el trabajo.

Soxna: ¿Qué haces por la tarde?

Mamadu: Voy a clase de inglés.

Aram charla con su prima Jaara:

Aram: En tu casa, ¿a qué hora os despertáis?

Jaara: Yo me levanto muy temprano, a las seis de la mañana.

Aram: ¿Por qué te levantas tan temprano?

Jaara: Porque me gusta hacer muchas cosas nada más levantarme: salgo a correr un poco, vuelvo a casa, me ducho y desayuno antes de irme a trabajar.

Soxna mu ngi laaj xaritam Mamadu li muy def bés bu nekk:

Soxna: Modu, ban waxtu ngay jóg?

Modu: Juróom ñetti waxtu.

Soxna: Sa kër ngay aña?

Modu: Déedéet, fi may lige-eye laaj aña.

Soxna: Lan ngay def ci ngoon gi?

Modu: Damay dem jàngi àngale.

Aram mu ngi waxtaan ak doomu bàjjenam Jaara:

Aram: Seen kër, ban waxtu ngeen di jóg?

Jaara: Man de damay teel a jóg, juróom benni waxtu ci suba.

Aram: Lu tax ngay teel a yewwu noonu?

Jaara: Damay beg a def yu bari su ma yewwoo: damay dem dawu tuuti, dellusi kër ga, sangu, ndekki laata may dem ligeeyi.

Laura y Mustafaa se ven en el metro:

Laura: ¿A qué hora empiezas a trabajar?

Mustafaa: A las ocho y media.

Laura: ¿Coges siempre el metro para ir a trabajar?

Mustafaa: Hoy he cogido el metro para no llegar tarde, pero muchas veces camino, mi trabajo no está lejos de casa.

Laura: ¿Cuánto tardas andando?

Mustafaa: Sólo veinte minutos. No está nada lejos.

Laura ak Mustafaa dañoo gisante ci metró bi:

Laura: Ban waxtu ngay tàmbalee liggéey?

Mustafaa: Juróom ñetti waxtu ak genn wàll.

Laura: Saa yu nekk dangay jël metró soy ligeeyi?

Mustafaa: Tey moom, damaa jël metró ndaxte damaa bañ a tarde, waaye daanaka lu ëpp damay dox, fi may liggéeye soriwul kër ga.

Laura: Ci ñaata minit nga koy dox?

Mustafaa: Ci ñaar-fukki minit rekk. Soriwul dara.

lo que se hace cada día

despertarse
levantarse
levantarse temprano
levantarse tarde
 ducharse
 secarse
 lavarse la cara
 lavarse los dientes
 lavarse las manos
 irse a trabajar
 desayunar
 comer
 comer al mediodía
 cenar
 dormir
 acostarse
 ver la tele
 escuchar la radio
 ir al cine
 salir
 pasear
 ir a pasear
 caminar
 bailar
 ir a bailar
 quedar con los amigos
 charlar/hablar
 decir
 beber

li ñuy def bés bu nekk

yewwu
jóg
teel a jóg
yeex a jóg
sangu
fompu
sëlmu
raxas sa gemmiñ
raxasu/raxas say loxo
liggéeyi/dem liggéeyi
ndekki
lekk
añ
reer
nelaw
tëdd
seetaan tele
déglu rajo
dem sinemaa
génn
doxantu
dem doxantuji/doxantuji
dox
fecc
fecci/dem fecci/baali
daje(gisante)ak say xarit
waxtaan
wax
naan

dormir la siesta

ir a ver a los padres

llevar a los niños al colegio

barrer

estudiar/leer

ir a estudiar

mirarse al espejo

hacer la limpieza de la casa

hacer la compra/irse de
compras

comprar

vender

cocinar

lavar la ropa

cepillarse los dientes

afeitarse

afeitar

nelaw bëccëg

dem seeti sa pàppa ak sa
yaay

yóbbu xale yi ekool

bale

jàng

dem jàngi/jàngi

seetu

raxas kër gi

jëndi/nduggi marse

jënd

jaay

togg

fóot

borosu

watu

wat

el peine

el cepillo de dientes

el agua

el jabón

la toalla

frecuencia

Siempre

Cada día

A veces

Nunca

Una vez al mes

Dos veces a la semana

Muchas veces

peñe bi

boros bi

ndox mi

saabu bi

serwiyet bi

saa yu nekk/tusuur

bés bu nekk

yenn saay

mukk

benn yoon ci weer wi

ñaari yoon ci sēmen bi

lu bari

tema 6 el trabajo

Dos antiguos compañeros de trabajo se encuentran en el autobús:

Luis: ¡Hola, Amadu!

Amadu: ¡Hola, Luis! ¡Cuánto tiempo sin vernos!

Luis: Sí, hace mucho que no nos vemos. ¿Dónde trabajas ahora?

Amadu: Ahora trabajo en una tienda de ropa africana.

Omar va a visitar a Nabu, su cuñada:

Omar: ¡Buenos días, Nabu! ¿Cómo estás?

Nabu: Bien. Y tú, ¿cómo te van las cosas? ¿Tienes trabajo?

Omar: No, de momento no tengo, sigo buscando.

Nabu: ¿De qué estás buscando?

Omar: Sabes que soy electricista, pero puedo trabajar de peón de la construcción o de operario de fábrica. Lo que sea, lo importante es trabajar

liggéey bi

Ñaar ñu bokkoon fu ñuy lig-géeye ñoo daje ci biis bi:

Luis: Waaw, Amadu, nu mu deme nak?

Amadu: Maa ngi nii rekk, Luis. Gëj nañu gise!

Luis: Waawaaw, gëj nañu gise lool. Fan ngay liggéeye leegi?

Amadu: Maa ngi liggéey leegi ci benn bitig buy jaay ak yëre yu jóge Afrik.

Omar dafa dem seeti Nabu, jabaru magam:

Omar: Salaamaalikum, Nabu! Nu mu deme nak?

Nabu: Maa ngi nii rekk. Yow nak, naka afeer yi? Mbaa am nga liggéey?

Omar: Déedéet, amaguma liggéey de, maa ngi wut ba leegi.

Nabu: Ban liggéey ngay wut?

Omar: Xam nga ni elektirisiyen laa, waaye mën naa jappale kuy tabax wala ma liggéey ci isin. Lu mu

para vivir.

Nabu: Bueno, no te desanimas, seguro que encontrarás trabajo.

Paap y Faatu se preguntan mutuamente sobre sus trabajos:

Paap: Faatu, ¿tú de qué trabajas?

Faatu: Trabajo de cocinera en un restaurante. Y tú, ¿qué haces?

Paap: Soy carpintero en una empresa que fabrica palets.

Faatu: ¿Trabajas los fines de semana?

Paap: No, sólo trabajo de lunes a viernes, de ocho de la mañana a cuatro de la tarde.

Faatu: ¿Te gusta tu trabajo?

Paap: Claro, pero es muy duro. Vuelvo a casa muy cansado todos los días. Y tú, ¿cómo lo llevas?

Faatu: Lo mismo que tú, aquí no hay trabajos fáciles, sobre todo para los inmigrantes.

mën a doon, li am solo rekk mooy liggéey ngir mën a dund.

Nabu: Baax na, bul tàyyi mukk, wóor na ma ni dinga am liggéey.

Paap ak Faatu ñu ngi waxtaan ci lu jëm ci seeni liggéey:

Paap: Faatu, yaw lan ngay liggéey?

Faatu: Damay togg ci ab restorañ. Yow nak, looy def?

Paap: Minise laa ci ab isin buy defar ay palet.

Faatu: Ndax dangay liggéey samdi ak dimaas?

Paap: Déedéet, altine ba àjjuma rekk laay liggéey, juróom ñetti waxtu ci suba ba ñenti waxtu ci ngoon.

Faatu: Mbaa sa liggéey neex na la?

Paap: Lool sax, waaye dafa metti lool. Bés bu nekk, dangay dellu kër ga ak coono gu bari. Yow nak, sa liggéey nu mu mel ci yow?

Faatu: Benn la ak li nga wax, fii amul liggéey bu yomb, rawati na liggéeyi imigere yi.

Amet y Maalik son dos amigos:

Amet: ¡Eh!, Maalik, ¿a qué hora sales del trabajo hoy?

Maalik: Hoy saldré a las cinco de la tarde.

Amet: ¿Qué harás luego?

Maalik: Quiero ir al estadio a ver el partido de fútbol. Iré con Asan e Ibu. ¿Te apetece venir con nosotros?

Maalik: No, no voy a poder, porque ya he quedado con Mari a las siete.

Quería pedirte que vengas conmigo a visitar a la tía Yaasin, que no se encuentra bien.

Amet: ¿Qué le pasa? No sabía que estaba enferma.

Maalik: Es verdad, es que no descansa nunca, siempre está trabajando.

Una chica se presenta en una casa por la mañana porque está buscando un empleo en el servicio doméstico:

Amet ak Maalik ñaari xarit lañu:

Amet: Waaw, Maalik, ban ãer ngay wàcc téy?

Maalik: Téy moom, maa ngi wàcc juróomi waxtu ci goon.

Amet: Lan ngay def soo wàccee?

Maalik: Damaa bëgg a dem estàdd seetaani matsu futbal. Asan ak Ibu laay àndal. Xanaa bëgguloo ñëw?

Maalik: Déedéet, dama ko mën, ndaxte dama war a daje ak Mari juróom-ñaari waxtu. Dama la bëggoon a wax nga ñëw ñu ànd dem seeti tànta Yaasin, dafa xaw a feebar.

Amet: Lu ko dal? Xamuma-woon ni dafa feebar.

Maalik: Dëgg la, xam nga ni moom du noppaliku mukk, saa yu nekk mu ngi liggéey.

Ab janq moo ñëw ci ag kër ci suba si ndaxte dafay wut liggéeyu kër:

Sali: ¡Buenos días! Estoy buscando un trabajo de criada.

Penda: ¡Buenos días! ¿Trabajas bien? ¿Qué sabes hacer?

Sali: Puedo hacer muchas cosas: ir al mercado, hacer las compras y cocinar. También puedo limpiar la casa.

Penda: ¿Y lavar la ropa y planchar?

Sali: Lavar la ropa a mano es muy duro. Sólo lavaré la ropa de los niños.

Penda: Bueno, ¿cuánto quieres cobrar al mes?

Sali: Me gustaría cobrar 20.000fcfa.

Penda: ¿Puedes empezar mañana?

Sali: ¡Por supuesto! Estaré aquí a las ocho. ¡Muchas gracias!

Penda: De nada. Lo importante es que te comportes bien y que no seas perezosa.

Sali: Salaamaalikum!
Damay wut liggéeyu janq.

Penda: Maalikum salaam!
Mbaa mën nga liggéey bu baax? Lan nga mën?

Sali: Mën naa def lu bari: dem marse, nduggi ak togg. Mën naa itam raxas kër gi.

Penda: Ndax dinga mën fóot yère yi ak paase?

Sali: Fóot ak loxo dafa metti lool. Dinaa mën a fóot yère xale yi kese.

Penda: Baax na, ñaata nga bëgg a fayyeeku?

Sali: Ñenti junni laa bëggoon a fayyeeku.

Penda: Ndax dinga mën a tàmbali suba?

Sali: Waawaaw! Wit èer dina ma fi fekk. Jërëjëf waay!

Penda: Ñoo ko bokk. Li am solo rekk mooy nga góor-góorlu, bañ a nekk ku tàyyel.

los oficios

pescador/a
cocinero/a
chófer
carpintero
enfermero/a
dependiente/a
médico
periodista
peluquero/a
vendedor/a
maestro/a
profesor/a
pintor/a
electricista
fontanero
fotógrafo/a
basurero
poeta
escritor/a
dibujante
abogado
albañil
azafata
camarero
cartero
dentista
farmacéutico
joyero
mecánico
músico

liggéey yi

nappkat
toggkat
dawalkatu oto
minise
doktoor
kuy jaay ci bitig
doktoor
surnaalist
watkat/defarkatu bopp
jaaykat
jàngalekat
jàngalekat
pintiirkat
elektirisiyen
polombiyee
fotogaraaf
tonnikatu mbalit
taalifkat
bindkatu téere
nataalkat
awokaa
masonj, tabaxkat
otes
serwëer
kiy indi leetar yi
doktooru bëñ
farmasiyenj
tëgg
mekanisenj
kuy yëngëtu ci misik

cantante
obrero
panadero
piloto
taxista
policía
zapatero
veterinario
parado
jubilado
librero
artista
camionero
aprendiz
carnicero
traductor
arquitecto
asistente social
funcionario
guía turístico
informático
bailarin
percusionista
editor
secretaria

woykat
obaryee
mbulanse
dawalkatu abiyon
dawalkatu taksi
pólise
wuude
weterineer
ku liggéeyul
ku àllaterete
kuy jaay ay téere
artist
dawalkatu kamiyon
kuy jàng mecce
jaaykatu yàpp
kuy tekki ay làkk
nataalkatu tabax
kuy taxawu ñi soxla ndimbël
kuy liggéey ci nguur gi
kuy gunge turist yi
kuy liggéey ci ordinaatëer
fecckat
tëggkat
kuy defar ay téere
sekereteer

ocio

dar un paseo

ir al cine

ir de excursión

bailar

escuchar música

nadar

pintar

cuidar las plantas

hacer deporte

quedar

salir

quedarse en casa

sacar entradas

tocar la guitarra

tomar algo

li ngay mën a def soo liggéeyul

doxantu

dem sinemaa

dem sortii

fecc

déglu misik

féey

pintiir

toppatoo garab yi

def espoor

daje

gén

toog ci kër gi

jënd biye yi

gitaar

jël dara

ver la televisión

organizar una fiesta

ir a la playa

ir a la discoteca

seetaan tele

def ab feet

dem géej

dem fecci

tema 7 lugares

En la calle, Aadama se acerca a un chico:

Aadama: Por favor, ¿sabes dónde está la calle Cervantes?

Saalif: Lo siento, no lo sé, no soy de este barrio. Quizá te lo puedan decir en esa tienda.

Aadama: Gracias.

Saalif: De nada.

Ana pregunta a una chica:

Ana: Oye, perdona, ¿hay un banco por aquí?

La chica: Sí, hay uno al final de la calle, a la derecha.

Ana: ¿Está muy lejos?

La chica: No, aquí mismo, a unos diez minutos andando.

barab yi

Ci mbedd mi, Aadama mu ngi jëm ci ab xale bu góor:

Aadama: Nga baal ma, fan la mbeddu Cervantes nekk?

Saalif: Maa ngi jéglu de, xamuma ko, dëkkuma ci koñ bii. Mën na am waa bitig bii xam nañu ko.

Aadama: Jërëjef.

Saalif: Du dara.

Ana mu ngi laaj ab xale bu jigeen:

Ana: Ma ni, baal ma de, ndax ab bànk am na ci boor yii?

Xale bu jigeen bi: Waaw, am na benn bu nekk ci boo jeexalee mbedd mii, ci sa ndeyjoor.

Ana: Mbaa du dafa sori lool?

Xale bu jigeen bi: Déedéet, fii rekk la, ci fukki minit nga koy dox.

Amsatu pregunta por la calle a un chico joven:

Amsatu: Por favor, ¿sabes dónde hay una parada de autobuses?

El chico: Sigue por esta calle. Después toma la cuarta calle a la derecha. La parada está allí mismo.

Amsatu: ¿Está cerca?

El chico: No, está un poco lejos.

Aminaa se encuentra con un señor:

Aminaa: Oiga, perdone señor, ¿sabe usted dónde hay una estación de metro?

El señor: Sí, siga recto y gire la segunda calle a la izquierda. Verá una plaza, crúcela y enseguida encontrará la estación.

Aminaa: ¿Qué línea del metro es?

El señor: Hay dos líneas, la verde y la lila.

Aminaa: Muchas gracias, es usted muy amable.

El señor: No hay de qué.

Amsatu dafay laaj ab xale bu góor:

Amsatu: Nga baal ma, xam nga fan moo am arebiis?

Xale bu góor bi: Jubalal tali bii. Nga jël ñienteelu mbedd mi ci sa ndeyjoor. Arebiis baa ngi foofu ci bop-pam.

Amsatu: Ndax jege na?

Xale bu góor bi: Déedéet, sori na tuuti.

Aminaa dafa daje ak genn góor:

Aminaa: Ma ni, nga baal ma de sèriñ bi, xamuloo fan moo am gaaru metoró?

Góor gi: Axan kay, jubalal ba ci ñaareelu mbedd mi, nga dal di jàdd ci càmmooñ. Dinga gis ab palaas, nga romb ko, ci foofu la gaar bi nekk.

Aminaa: Ban liiñu metoró la?

Góor gi: Am na ñaari liiñ, bu wert ak bu lànkár.

Aminaa: Jërëjëf waay, ku baax nga.

Góor gi: Amul benn solo.

Lamin quiere enviar un paquete a Senegal:

Lamin: Asan, ¿sabes dónde está la oficina de correos más cercana?

Asan: Sí, continúa por esta misma calle y coge la tercera calle a la izquierda. Está allí mismo.

(en Correos)

Lamin: ¡Buenos días! Querría enviar este paquete a Senegal.

El trabajador: Debería usted de esperar su turno. Pida tanda.

Lamin: De acuerdo. ¿Quién es el último?

El trabajador: ¿El siguiente?

Lamin dafa bëgg a yónnee ab kóli Senegaal:

Lamin: Asan, ndax xam nga fan la post bi gën a jege fii nekk?

Asan: Xoolal, jubalal tali bii daal di jël ñeeteelu mbedd bi nekk ci sa càmmooñ. Mu ngi foofu.

(ca Post ba)

Lamin: Salaamaalikum! Damaa bëggoon a yónnee kóli bii Senegaal.

Ligéeykat bi: Dangaa war a xaar sa tuur. Laajal ab tiket.

Lamin: Baax na. Kan moo mujj?

Ligéeykat bi: Kan moo ci topp?

el imperativo

Girar gira/gire
Cruzar cruza/cruce
Tomar toma/tome
Perdonar perdona/perdone
Coger coge/coja
Seguir sigue/siga
Continuar continúa/continúe

edificios de la ciudad

El aeropuerto
El ayuntamiento
El banco
El hospital
La biblioteca
El metro
La tienda
La catedral
La iglesia
La mezquita
El cine
La estación de tren
El hotel
La gasolinera
El mercado
El museo
La oficina de correos
La parada de autobús
El parque
El parquin
El puerto
La calle
La carretera
El supermercado
La piscina
El aparcamiento

sooy digle wale ngay xelal

Jàdd jàddal/jàddleen
Jéggijéggil/jéggileen
Jèl jèlal/jèl leen
Baal nga baal ma/ngeen baal ma
Jèl jèlal/jèl leen
Jubaljubalal/jubal leen
Jubaljubalal/jubal leen

tabax yi ci dëkk bi

ayropoor bi
meeri bi
bànk bi
opitaal bi
bibiliyotek bi
metoró bi
bitig bi
igiliis bu mag bi
igiliis bi
jàkka ji
sinemaa bi
gaar bi
otel bi
estasiyon bi
marse bi
miise bi
post bi
arebiis bi
sardenj bi
gaaraas bi
poor bi
mbedd mi/tali bi
tali bu mag bi
ipeermarse bi
pisin bi
parkinj bi

tema 8 comprar y vender

En una librería:

El vendedor: ¡Buenos días! ¿Qué desea?

El cliente: ¡Buenos días! ¿Tienen libros de inglés para principiantes?

El vendedor: Desde luego. ¿Libros para niños o adultos?

El cliente: Libros para adultos.

En una tienda de ropa:

La dependienta: ¿Qué desea, por favor?

La clienta: Desearía comprar una blusa.

La dependienta: ¿De qué color la quiere?

La clienta: La quiero de color azul.

La dependienta: Muy bien. Vamos a ver... ¿Cuál es su talla?

La clienta: La cuarenta y seis.

jënd ak jaay

Ci ab libreri:

Jaaykat bi: Salaamaalikum! Lan ngeen bëggoon?

Kilyaan bi: Maalikum salaam! Ndax am ngeen ay téerey àngale ngir ñiy soog a tàmbali?.

Jaaykat bi: Waawaaw. Ay téerey xale wala yu mag?

Kilyaan bi: Téerey mag.

Ci ab bitig buy jaay ay yère:

Jaaykat bu jigeen bi: Lan ngeen bëggoon?

Kilyaan bu jigeen bi: Damaa bëggoon a jënd ab simisu jigeen.

Jaaykat bu jigeen bi: Ban kulëer nga bëgg?

Kilyaan bu jigeen bi: Kuloor bu buló laa bëgg.

Jaaykat bu jigeen bi: Baax na. Ma xool...Lan mooy sa taay?

Kilyaan bu jigeen bi: Ñent fukk ak juróom benn.

En una tienda:

El cliente: ¿Puedo ver esas gafas negras?

El vendedor: ¿Éstas?

El cliente: Sí, ésas.

¿Cuánto cuestan?

El vendedor: No son caras. Diez euros.

El cliente: Vale. Me las llevo.

El vendedor: ¿Desea algo más?

El cliente: No, nada más, gracias. Cóbreme, por favor.
Ci ab bitig:

En una zapatería:

La vendedora: ¿Desea algo, caballero?

El cliente: Sí, estoy buscando unos zapatos.

La vendedora: Aquí tiene usted varios modelos.

El cliente: ¿Puedo ver esos marrones?

La vendedora: ¿Ésos?

El cliente: Sí, sí, ésos...

¿Me los puedo probar?

Ci ab bitig:

Jëndkat bi: Ndax mën naa xool linet yu ñuul yii?

Jaaykat bi: Yii?

Jëndkat bi: Waaw, yooyu. Ñaata lañuy jar?

Jaaykat bi: Seeruñu de. Fukki ëró.

Jëndkat bi: Baax na. Jël naa leen.

Jaaykat bi: Bëgguloo leneen?

Jëndkat bi: Déedéet, bëgguma leneen, jërëjëf. Fayyeeku ma book.

Ci ab bitig buy jaay ay dàll:

Jaaykat bu jigeen bi: Lu ngeen bëggoon, ku baax ki?

Kilyaan bi: Ay dàll laa bëgg.

Jaaykat bu jigeen bi: Ay model yu bari ñu ngi nii.

Kilyaan bi: Ndax mën naa xool yu sokolaa yii?

Jaaykat bu jigeen bi: Yii?

Kilyaan bi: Waaw, waaw, yooyu...Mën naa leen a natt?

En una verdulería:

La vendedora: ¿Qué le pongo?

La clienta: Póngame 1kg de naranjas.

La vendedora: Éstas están buenísimas. ¿Algo más?

La clienta: 3kg de patatas.

La vendedora: Aquí tiene. Son nuevas.

La clienta: ¿Tiene sandía?

La vendedora: Lo siento, no me quedan.

Ci ab taabal juy jaay ay furwi:

Jaaykat bu jigeen bi:

Lan nga bəggoon?

Kilyaan bu jigeen bi:

Jaay ma benn kiló oraans.

Jaaykat bu jigeen bi:

Oraans yii neex nañu torop. Ak lan?

Kilyaan bu jigeen bi:

Ñetti kiló pombiteer.

Jaaykat bu jigeen bi: Mu

ngi nii. Yu bees lañu.

Kilyaan bu jigeen bi:

Ndax am nga xaal?

Jaaykat bu jigeen bi:

Jégal ma de, desewuma ci dara.

los alimentos

las galletas

el pan

el pollo

el jamón

la sal

la carne

el vino

las chuletas de cordero

el arroz

la leche

el queso

el azúcar

el aceite

la lechuga

la naranja

la manzana

lekk yi

mbiskit yi

mburu mi

ginaar gi

yàppu mbaam wi

xorom si

yàpp wi

sëng si

faari xar yi

ceeb bi

meew mi

formaas bi

suukër si

diwlin ji

salaat si

oraans bi

pom bi

el yogur

el plátano

la sardina

la patata

el huevo

el café

el tomate

el pescado

la cerveza

la pera

la uva

la mantequilla

la ropa

El pantalón

La falda

La chaqueta

soow mi

banaana bi

sardin bi

pombiteer bi

nen bi

kafe gi

tamaate bi

jën wi

beer bi

puwaar bi

resej bi

bëer bi

yëre yi

tubëy ji

sipp bi

jaget bi

El traje de caballero

El vestido

El jersey

La camisa

El abrigo

Los zapatos

La corbata

Los calcetines

La blusa

El vaquero

Las bragas

Los calzoncillos

Las botas

El sujetador

west bi

yëre sañse bi

piloweer bi

simis bi

yëre sedd bi

karwaat bi

dàll yi

kawas yi

simisu jigeen bi

tubëyu jiin bi

silibu jigeen ñi

silibu góor ñi

bot yi

suceengooos bi

tema 9 comer y beber

A la salida de una escuela de adultos, Ayda habla con su amiga marroquí Rahma:

Ayda: Rahma, me gustaría invitarte a comer a mi casa.

Rahma: Claro, cuando quieras.

Ayda: Mañana, si te va bien.

Rahma: Sí, vale. ¿Qué vas a cocinar?

Ayda: Haré el plato nacional de Senegal, el arroz rojo con pescado.

Rahma: Qué bien, ¡qué bueno! Yo llevaré la fruta.

En casa de Ayda:

Ayda: ¡Qué aproveche, Rahma! Estás en tu casa.

Rahma: Mmmm...¡Qué rico!

Ayda: ¿Te gusta?

Rahma: Sí, me gusta mucho. Pica un poco, pero está delicioso. ¿La comida senegalesa es siempre picante?

Ayda: Sí, casi todas las comidas pican, excepto algunas como el laax, el cakri

lekk ak naan

Bi ñu gennee ci ab ekool bu mag ñi di jàngé, Ayda mu ngi waxtaan ak xaritam bi dëkk Marok Rahma:

Ayda: Rahma, dama laa bëggoon a inwite añ sama kër.

Rahma: Waawaaw, kañ nga ko bëgg?

Ayda: Suba, su baaxee ci yow.

Rahma: Waaw, baax na. Lan ngay tog nak?

Ayda: Palaat bi gën a siiw ci Senegaal laay togg, ceebu jën bu xonq.

Rahma: Ay waay, a ka neex! Dinaa indi firwi.

Ca kër Ayda:

Ayda: Lekkal bu baax de, Rahma! Fii sa kër la.

Rahma: Mmmm...A ka neex!

Ayda: Neex na ci yow?

Rahma: Waawaaw, neex na lool. Saf na kaani tuuti rekk, waaye neex na torop. Tooggu Senegaal yi tusuur dañuy saf kaani?

Ayda: Waaw, daanaka togg

y el fonde, que son dulces.
¿Qué quieres beber? He
preparado tres zumos distin-
tos: jengibre, bisaab y tama-
rindo.

Rahma: Tomaré zumo de
jengibre, pero probaré los
otros dos.

En el restaurante senegalés
“Daaru Salaam” de Barce-
lona:

Camarera: ¿Qué van a
tomar?

Bàmba: Yo, de primero
sopa y de segundo yaasa.

Camarera: ¿Yaasa de ar-
roz o de cuscús?

Bàmba: De arroz.

Iban: Para mí, una ensala-
da y un filete muy hecho.

Camarera: ¿Y para beber?

Bàmba: Zumo de bisaab.

Iban: Para mí, agua natural.

En el mismo restaurante:

Bàmba: ¿Nos trae un poco
de pan, por favor?

Iban: Y otra botella de agua.

yépp dañuy saf, ba mu des
yen togg yi mel ni laax, cakri
ak fonde, ñoom dañoo saf
suukër.

Lan nga bëgg a naan? Defar
naa ñetti sii yu bokkul: jin-
jeer, bisaab ak daxaar.

Rahma: Siiwu jinjeer laay
naan, waaye dinaa ñam ñaar
yi ci des.

Ci restoraŋ senegaale
“Daaru Salaam” bi nekk
Barcelona:

Serwëer bu jigeen bi:

Lan ngeen di jël?

Bàmba: Man de, palaat bi
njëkk supp, ñaareel bi yaasa.

Serwëer bu jigeen bi:

Yaasa bu ceeb wala kuskus?

Bàmba: Bu ceeb.

Iban: Man de, salaat ak fiile,
bu ñu lakk bu baax.

Serwëer bu jigeen bi:

Lan ngeen di naan nak?

Bàmba: Siiwu bisaab.

Iban: Man, ndox mu seddul.

Ci benn restoraŋ bi:

Bàmba: Indil ñu tuuti mbu-
ru, nga baal ñu?

Iban: Ak beneen biteelu
ndox.

Camarera: Muy bien.
¿Qué tomarán de postre?

Bàmba: Yo, helado.

Iban: Y yo, una manzana.

Camarera: ¿Tomarán
café?

Bàmba: Yo no.

Iban: Yo sí, un café con
leche. (...) La cuenta, por
favor.

Diego y Xadi se van a un
restaurante en el Albaicín, en
Granada:

Diego: ¡Camarero! ¡Por
favor!

Camarero: Sí, un momen-
to. ¿Qué desean?

Diego: ¿Qué nos recomien-
da usted?

Camarero: Aquí tienen la
carta.

Diego: Gracias. A ver...
¿Qué te apetece comer,
Xadi?

Xadi: No sé, no tengo mu-
cha hambre... ¿Qué es el
gazpacho?

Diego: Es como un puré
de tomate. Pruébalo, debes
acostumbrarte poco a poco a
las comidas españolas.

Serwëer bu jigeen bi:

Baax na. Lan ngeen di jël
deseer?

Bàmba: Man, kareem ga-
laas.

Iban: Man nak, pom.

Serwëer bu jigeen bi:
Ndax dangeen di jël kafe?

Bàmba: Man déédéet.

Iban: Man jox ma kafe ak
meew. (...) Ñaata la?

Diego ak Xadi dañoo ànd
ci ab restoraŋ ci Albaicín, ci
Granada:

Diego: Serwëer! Nga baal
ma!

Serwëer bi: Waaw, haar
leen tuuti. Lan ngeen bëg-
goon?

Diego: Lan nga ñuy digël?

Serwëer bi: Kartu restoran
baa ngi nii.

Diego: Jërëjëf. Ma xool...
Lan nga bëgg a lekk, Xadi?

Xadi: Xamuma ko, xiifuma
dara... Lan mooy “gazpa-
cho”?

Diego: Mu ngi mel ni piire
tamaate. Ñam ko, danga war
a tàmm ndànk ndànk toggu
Espaañ yi.

Xadi: Vale. También quiero probar la crema de calabacines.

Diego: ¿No quieres picar nada antes?

Xadi: Bueno, un poco de queso para picar los dos.

Xadi: Baax na. Bëgg naa itam ñam kareemu konkombor.

Diego: Bëgguloo lekkàntu dara laata loolu?

Xadi: Baax na, nañu indil tuuti formaas ñu lekkàntu ñun ñaar.

el almuerzo/el desayuno

almorzar/desayunar
la bebida
el camarero/la camarera
las comidas caseras
la cena(cenar)
el cocinero/la cocinera
cocinar

los cubiertos

la cuchara
la cucharita
el cuchillo
dulce
picante
la fuente/el plato
la garrafa

la mayonesa
el mantel
el menú
la carta
la mostaza
el pedido
el pimentero
la pimienta

el plato

(primero/segundo)
el plato del día
el postre
la salsa
el salero
la sal
la servilleta
la taza
el vaso
el vinagre

ndekki li

ndekki
buwaason bi
serwëer bi
toggi kër yi
reer bi(reer)
toggkat bi
togg

yi ñuy lekke

kudd gu mag gi
kudd gu ndaw gi
paaka bi
saf suukër
saf kaani
palaat bi
karaaf bi

mayonees bi
nàpp bi
mënu bi
kart bi
mutard bi
komànd bi
potu poobar bi
poobar bi
palaat bu njëkk bi/ñaareelu

palaat bi

palaatu bés bi
deseer bi
soos bi
potu xorom bi
xorom si
musuwaar bi
kopp bi/pot bi
kaas bi
bineegar bi

hervir
freír
asar (pollo asado)
el chile
el ajo

café solo

café con leche
té con leche
chocolate
zumo de fruta
mermelada
miel
yogur

pescados

pescado de mar
bacalao fresco
bacalao salado
lenguado
salmonete
calamares
dorada

carnes

carne de cordero
carne de vaca
carne de ternera
bistec
lomo de cerdo
costillas de cordero/de
ternera
hígado
lengua
parrillada de carne
riñones
pierna de cordero
jamón

baxal
saaf/fiiriir
lakk (ginaar gu ñu lakk)
kaani gi
laaj ji

kafe kese

kafe ak meew
attaaya ak meew
sokolaa
siiwu firwi
konfitiir
lem
yaawuur

jën

jënu géej
kabiló
moru
sol
ruuse
kalmar
doràdd

ndawal/yàpp

yàppu xar
yàppu nag
yàppu nag wu ndaw
biftek
yàppu mbaam
faaru xar/faaru nag

res wi
làmmiñ
yàpp wu ñuy lakk/giriyàdd
roñonj
tàнку xar
tàнку mbaam

tema 10 la salud

Omar y Lamin están en casa, por la noche:

Lamin: ¿Qué te pasa, Omar? ¿No te encuentras bien?

Omar: Me duele muchísimo la barriga.

Lamin: ¿Quieres un vaso de leche?

Omar: Sí, gracias.

Lamin: ¿Por qué no te vas a la cama?

Omar: Es que no tengo nada de sueño.

Un padre y su hijo:

El padre: ¡Hola, hijo!
¿Cómo te encuentras hoy?

El hijo: Me duelen mucho el pecho y el cuello.

El padre: ¿Te has puesto el termómetro para ver si tienes fiebre?

El hijo: Sí, tengo treinta y ocho grados y no me baja.

El padre: Bueno, mañana iremos al ambulatorio.

wér gu yaram

Omar ak Lamin ñu ngi seen kër, ci guddi gi:

Lamin: Lan moo la dal, Omar? Xanaa sa yaram neexul?

Omar: Sama biir dafay metti lool.

Lamin: Ndax bëgg nga kaasu meew?

Omar: Waaw, jërëjëf.

Lamin: Lan moo tax doo dem tēddi?

Omar: Gëmmentuwuma dara.

Pàppa ak doom:

Pàppa ji: Waaw, doom!
Naka yaram wi téy?

Doom ji: Sama dënn ak sama put gi dañuy metti lool.

Pàppa ji: Ndax jël nga termomeetar bi ba xam sa tàngaayu yaram?

Doom ji: Waaw, maa ngi am fan weeri dëgare ak ju-róom ñett te wàccul ba leegi.

Pàppa ji: Baax na, bu subaa ñu dem dispanser.

En el ambulatorio:

Doctor: ¡Hola! ¿Qué le duele a este niño?

El niño: Me duele todo.

Tengo dolor de cabeza, de piernas y de garganta.

Doctor: ¿También te duele la espalda?

El niño: Sí.

Doctor: A ver. Respira hondo. Muy bien. Otra vez. Eso es... No tienes nada grave, sólo una gripe muy fuerte. Te recetaré unas pastillas para tomar cada cuatro horas. Debes guardar cama tres días y descansar. Pronto estarás bien.

El niño: Muchas gracias, doctor.

Entrevista a una mujer famosa:

_ Y dígame. ¿Cómo se conserva tan joven y bella?

_ La respuesta es muy sencilla. La única manera de estar bella es siendo una persona sana.

_ ¿Qué hace usted para estar sana?

Ci ab dispanseer:

Doktoor bi: Waaw! Lan mooy metti xale bii?

Xale bi: Lépp a may metti.

Sama bopp dafay metti, samay tànk, sama put gi.

Doktoor bi: Ndax sa diggu ginaaw dafay metti?

Xale bi: Waaw.

Doktoor bi: Ma xool.

Noyyil bu baax. Waaw kay.

Defaat ko. Noonu la... Dara lu garaaw jotu la, girip bu am doole rekk la. Dinaa la bindal ay doom yooy jël ñenti waxtu yu nekk. Dangaa war a toog kër ga bañ a genn ñetti fan, dal di noppaliku. Leegi nga wer.

Xale bi: Jërëjëf, doktoor.

Waxtaan ak jigeen ju siiw:

_ Wax ma nak. Nan ngay def ba mën a tije sag ndaw ak sa taar.

_ Tontu bi moom lu yomb la. Nenn rekk nga mën a def ba tiye sa taar mooy nga nekk nit ku wër.

_ Naka ngay def yow ba doon nit ku wër?

_ Me levanto todos los días muy temprano y hago ejercicios de gimnasia. Muevo los brazos, las piernas, los pies y el cuello. Después me ducho con agua fría, y además duermo mucho cada día.

Ablaay llama a un Centro de Atención Primaria:

Recepcionista: Centro de Atención Primaria, ¿dígame?

Ablaay: ¡Buenos días! Quería pedir cita con mi médico de cabecera.

Recepcionista: Su nombre, por favor... ¿Le va bien el lunes a las tres de la tarde?

Ablaay: ¿No puede ser por la mañana? Es que trabajo por las tardes.

Recepcionista: El lunes por la mañana no, el martes tampoco. ¿El miércoles a las 12.00h?

Ablaay: Vale, muchas gracias. ¡Hasta el miércoles!

Recepcionista: De nada, ¡adiós!

_ Bes yépp damay teel a jóg dal di yëngël sama yaram bu baax. Yëngël loxo yi, yeel yi, tànk yi ak baat bi. Su ma pa-ree sangu ak ndox mu sedd, rax ci dolli, bés bu nekk, damay nelaw lu bari.

Ablaay dafa woote ci ab dispensaar:

Resepsiyonist bi: Dispansaar Raval Nord, alóo!

Ablaay: Salaamaalikum! Damaa bëggoon a wut randewuu ak sama doktoor.

Resepsiyonist bi: Noo tuddu...Ndax altine ci ñetti waxtu ci ngoon dina baax ci yow?

Ablaay: Mënul a nekk ci suba si? Damay liggéey ci ngoon gi moo tax.

Resepsiyonist bi: Altine ci suba mënul a nekk, talaata itam. Àllarba ci midi?

Ablaay: Baax na, jërëjëf. Ba àllarba!

Resepsiyonist bi: Ba beneen!

el cuerpo

El pie
La pierna
La rodilla
El brazo
Las manos
Las uñas
Los labios
La cara
Las mejillas
Los ojos
El pelo
El codo
El culo
La garganta
El cuello
La espalda
El pecho
El vientre
La boca
Los dedos
Las orejas
La nariz
Los dientes
La barriga
El frente
La cintura

yaram wi

tànk bi
tànk bi
óom bi
loxo bi
loxo yi
we yi
tuñ yi
kanam gi
lex yi
bët yi
karaw gi
coñco bi
taat wi
put gi
baat bi
diggu ginaaw gi
dënn bi
biir bi
gemmiñ gi
baaraam yi
nopp yi
bakkan bi
bëñ yi
biir bi
jë bi
ndigg li

Tener dolor de cabeza

Sentirse mal

Tener gripe

Estar resfriado/a (Rama está resfriada)

Tomar pastillas (toma pastillas)

Estar cansado/a (estamos cansadas)

Descansar (descanso)

Ponerse inyecciones (se pone inyecciones)

Tomar vitamina C (tomas vitamina C)

Tener calor (hace calor)

Tener frío (tenéis frío)

Tener hambre (tiene hambre)

Tener sed (tengo sed)

am bopp buy metti

am yaram wu naxari

am girip

soj (Rama dafa soj)

naan (jël) ay doom (dafay naan ay doom)

sonn (dañoó sonn)

noppaliku (damay noppaliku)

jël ay pikiir/pikiiru (dafay pikiru)

jël witaamin C (dangay jël witaamin C)

tàng (dafa tàng)

sedd/liw (dangeen a sedd/liw)

xiif (dafa xiif)

mar a naan (dama mar a naan)

Estar enfermo/a (estamos enfermos)

Tener tos (tienes tos)

Tener fiebre (tiene fiebre)

Quemarse (me he quemado)

Estar mareado/a (estoy mareado)

Tener diarrea (tienen diarrea)

Tener náuseas (tengo náuseas)

Resbalarse (se ha resbalado)

Tropezar/chocar (has tropezado con el escalón)

Caerse (me he caído)

feeb̄ar (dañōo feeb̄ar)

s̄ex̄et̄ (dangay s̄ex̄et̄)

am yaram wu t̄anḡ (yaramam dafa t̄anḡ)

lakk (damaa lakk)

miir (damay miir)

am biir buy daw (dañu am biir buy daw)

am xel muy teey (damaa am xel muy teey)

tarxiis (dafa tarxiis)

mb̄ekk, dal (dangaa mb̄ekk eskaliyee bi)

daanu (damaa daanu)

